# Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc rëbb na góor giy sol colug jigéen, ak jigéen giy sol colug góor

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc rëbb na góor giy sol colug jigéen, ak jigéen giy sol colug góor.
[Wér na] [رواه النسائي في الكبرى وابن ماجه بمعناه وأحمد]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ñaan na ag dàq ak soril yërmàndey Yàlla ñeel góor giy niru-nirulu jigéen ci sol yi jigéen ñi jagoo; moo xam ca jëmm ja la walla ca melo wa walla ca anam ga walla ca anamug coliin ga ak taar ba walla yu dul yooyu. Walla jigéen gi di ko niru-nirulu ci col gi góor ñi jagoo, moom nag ci bàkkaar yu mag yi la bokk.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee